Ҳозирги вақтда амалиётда, ЭЎКларини яратишда асосан қуйидаги технологиялар қўлланилади:

• маълумотлар базалари технологиялари (шу жумладан, мултимедиали) билан биргаликда юқори даража дастурлаш тилида яратиш;

• гиперматнли технологиялар;

• ихтисослаштирилган инструментал воситалар ёрдамида яратиш [3].

Юкорида келтириб ўтилган назариядан келиб чиқиб, биз «Умумий ўрта таълим мактаблари учун электрон ўқув мажмуа» мисолида ЭЎК яратдик. Ушбу электрон ўқув мажмуа тўлақонли электрон ўқув курсини яратиш мақсадида ишлаб чиқилган бўлиб, унда мактаб курсидаги барча фанлардан электрон ўқув курслар яратилган бўлиб, ундаги ҳар бир фан алоҳида электрон ўқув курси, тақдимот, online тест ва машғулотлардан иборат. Бундан ташқари электрон ўқув мажмуада зарур ахборотларни осон излаб топиш мақсадида излаш системаси ва ўтилган материалга қайтиш ҳам жорий қилинган.

Ушбу технология асосида яратилган электрон ўқув мажмуанинг афзаллиги, фойдаланиш интерфейси қулайлиги ва барча таълим олиш истагида бўлган мустақил фойдаланувчилар учун мўлжалланганлиги, шунингдек, уни ўқитувчи ва ўқувчиларга тақдим этишнинг универсаллигида: электрон ўқув мажмуа дискетга ёки компакт-дискка ёзилиши, интернет тармоғи орқали ёки ўқув юртининг локал тармоғида тарқатилиши мумкин.




Дастурининг умумий кўриниши

Компьютер экранида электрон дарсликнинг ушбу иерархия тизими тўлағича намойиш этилиши мумкин. Ўқитувчи ва ўқувчи ўртасида ўзаро интерактив ва тескари алоқанинг йўлга қўйилиши ўқувчи учун яна бир имконият ҳисобланади. Ишлаб чиқилган электрон ўқув мажмуани икки усулда, яъни локал ва тармоқда фойдаланиш мумкин. Локал усули индивидуал ҳолда таълим беришда, тармоқ усули эса ўқувчининг ўқитувчи билан алоқасини ўрнатиш учун қўлланилади. Талабанинг ўқитувчи билан ўзаро алоқаси диалог (online) ёки электрон почта (offline) кўринишда амалга оширилиши мумкин. Асосий ўқув материали талабанинг компьютерида жойлашган бўлиб, серверда айрим маълумотлар сақланади, бу эса тармоқда катта ҳажмдаги ахборотларни узатишга чек қўяди.

**Адабиётлар**

1. Абдуллаев Ш., Амиров Д. - Обзор развития информационно-коммуникационних технологий в Узбекистане за 2006-2008 г. сборник научных трудов / Координаторы; - Т. : ИКТП, 2008. – С.100. ил. - (Узбекское агентство связи и информатизации. УНДП).

2. Г. Р. Громова. - Библиотека информационной технологии : сб. статей. Вип. 1 / Под ред. -М. : «Наука», 1990. –С. 208.

3. Holt, Rinehart and Winston - Shore, Barry Introduction to computer information systems: monografiya / Barry Shore. - New York : Inc., 1988. –C. 540.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада электрон ўқув курслари ва электрон ўқув мажмуалар яратиш хамда уларни таълим жараёнида замонавий педагогик технологиялардан фойдаланган холда қўллаш усуллари кўрсатилган. Яратилган электрон ўқув курси мактаб курсидаги барча фанлардан электрон ўқув курслар мажмуасини ўзида жамлаган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье приведены критерии создания электронного учебного курса и их применение в учебном процессе с помощью современных педагогических технологий. Созданный электронный учебный курс включает в себя ЭУК по всем предметам школьного курса.

**SUMMARY**

The article deals with the criteria of creating e-learning course and their using in teaching process with the help of modern pedagogical technologies. This e-learning course includes the complex of all e-learning courses in subjects of school course.

# BASLAWÍSH KLASS OQÍWSHÍLARÍNDA FIZIKALÍQ SAPALARDÍ RAWAJLANDÍRÍWDA MILLIY OYÍNLARDÍŃ ROLI

**M.J.Allayarov** - *úlken oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**P.M.Joldasbaev** - *2-basqısh magistrantı*

*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Tayanch sozlar:** jismoniy madaniyat, jismoniy tarbiya ,jismoniy sifat, milliy oyinlar, tezlik, egiluvchanlik, chaqqonlik, chidamlilik, kuch.

**Ключевые слова:** физическая культура, физическое воспитание, физические качества, националные игры, быстрота, гибкостъ, ловкостъ, выносливостъ, сила.

**Key word:** physical culture, physical education, physical quality, national plays, the speed, flexibility, dexterity, endurance, power.

Xalqımızdıń mıń jıllar dawamında jaratqan, áwládtan áwladqa ótip kiyatırǵan dóretiwshilik baylıqların toplaw, úyreniw, bul bay xizmetler tiykarında ósip kiyatırǵan jas áwládti mánawiy bay, ruwxıy pák, fizikalıq barkamal qılıp tárbiyalaw búgingi kúnde ahmiyetli mashqalalardıń biri.

Ásirese, elımiz ǵarezsizlıkke eriskennen soń millıy miyraslarımız, dástúrlerimizge bolǵan itibar jáne de kúsheydı. Bul turmıstıń bárshe tarawlarında túrlı dárejede ózin kórsete basladı, sol qatarında tárbiyanıń tıykarǵı bólımlerinen biri dene mádeniyatınıń bir bólegi “dene tárbiya” da usılar qatarında. Ózbekstan Respublıkasınıń “Dene tárbiyası hám sport haqqındaǵı” Nızamın da, - Ózbekstan respublıkası xalıqlar millıy mádeniyatınıń ajıralmas bólegi, fizikalıq hám mádeniy, ruwxıy kámillıktıń áhmiyetlı deregi” ekenlıgi aytıladı [1].

Ǵárezsizlik jıllarında elimizdiń kóp ǵana professor oqıtıwshılar hám ilimpazlar milliy oyınlarımızdı izertlep oyinlardıń ósip kiyatırǵan jas áwládtıń tárbiyasındaǵı tutqan orni hám paydalı tárepleri haqqında aytıp ótken. Qaraqalpaqstan Respublikasinan professor P. Shilmanov háreketli oyinlar ústinde kóp izlenisler alıp barǵan hám ata-babalarımızdan kiyatırǵan kóp ǵana milliy háreketli oyınlardi qayta tiklewge erisken. Bul tarawdaǵı ayırım az muǵdardaǵı awdarma kitaplar bolmasa, Qaraqalpaq tilinde shıqqan oqıw quralları joq esabında [2:3].

Balalardıń ósiwi hám rawajlanıwı menen oyınlardıń mazmunı ózgerip baradı: oyınlar wazıypası dáslepki basqıshlarda apıwayı harakterde bolsa, keyin ala ol bayıp baradı. P.F.Lesgaft óziniń fizikalıq shınıǵıwlar sistemasında fizikalıq tárbiya deregi sipatında kórsetip ótedı.

Ol oyın járdeminde bala ómirge, turmısqa tayarlanıwına itibar qaratadı. Onıń háreketlı oyınlardı ótkiziw ushın qoyǵan talapları búgingi kúnge shekem óz qımbatın joǵaltqanı joq: máselen, ol hár bir oyın aldına anıq maqsetler qoyıwı, ótkizilip atırǵan oyın qatnasıwshılardıń kúch hám qabiletlerine sáykes kelıwi, oyın shuǵıllanıwshılarına unamlı tásir kórsetiwi kerek ekenlıgin, oyınlar sistema túrinde hám kúndelıklı ótkiziw, oqiwshılardıń belsendiligi hám gárezsizligin asırıwǵa háreket qılıw kereklıgin eskertken edi [3:543], [4:24].

Oyınlardıń quramalasıwı, oyın barısı dáslep syujet hám mazmunı boyinsha dúziledı. Ádette, syujet degende oyın barısında balalar sáwlelendiretuǵın waqıyanıń sheńberinde túsiniledı. Oyın syujeti túrlı dáwirge klassifikasiyaǵa, shańaraq turmıs tárizine, geografiyolıg hám islep shıǵarıw sharayatına baylanıslı túrde jaratıladı.

7-8 jaslı balalarǵa tán oyınlardı fizikalıq sapaların rawajlandırıwǵa qaray tómendegi toparlarǵa ajratıw múmkin

1. Tezlıkti tárbiyalawshı oyınlar.

2. Kushti asırıwshı oyınlar.

3.Shaqqanlıqtı rawajlandırıwshı oyınlar.
4.Shıdamlılıqtı rawajlandırıwshı oyınlar.
5.Iyilıwsheńlıktı tárbiyalawshı oyınlar;

Bázi bir oyın túrleri balalardıń bárshe buwınlarına sáykes keliwi múmkin, yaǵnıy fizikalıq sapalardı ulıwmalıq túrde tárbiyalawǵa qaratılǵan oyınlar da bar. Olarda túrlı fizikalıq sapalar izbe-iz rawajlanıwı múmkin. Oyınlardaǵı bunday izbe-izlik balanıń oyın barısın, turmıs tájiriybesinniń keńeyiwi, onıń úlken jastaǵı adamlardıń turmısına tereńirek kirip barıwı menen baylanıslı.

Haqıyqatında da, oyınlardıń ápiwayıdan quramalıǵa qaray ósiwi turmıstıń ele de jańa táreplerin sáwlelendiriwi menen sheklenip qalmay, uluwma oyınnıń ózine tán basqa kórinisleri menen bayıwı sebeplı de ámelge asadı.

**1. Tezlıkke tárbiyalawshı oyınlar.** Tezlıkti tárbiyalaw ushın shınıǵıwlar maksimal rawishte orınlanıwı lazım. Belgige qaray tez juwap beriliwin qısqa waqıt aralıǵında bir qansha háreketlerdıń orınlanıwın hám pútkil dene yáki onıń bir bólimin hawada tezlık penen háreket qılıwın talap qılatuǵın oyınlar oqıwshılarda tezlık sapasın rawajlandıradı.

Bunda kóbirek eki topardıń belsendı bellesiwine alıp keletuǵın oyınlar ótkiziwge itibar qaratıwımız kerek. Hárekettegi obyektke qarata bolǵan reakcıyanı tárbiyalawshı oyınlar bul orında jaqsı nátiyje beredı. Bunday oyınlarǵa "Taxıya kiyiwde kim birinshi?", "Tórt muyesh", "Bos orın", "Kim tez oynaydı" sıyaqlılardı kiritiw múmkin.

Mısal ushın, "Taxıya kiyiwde kim birinshı" oyını ata-babalarımızdan kiyatırǵan xalıqtıń millıy oyınlarınan esaplanadı, balalardı tezlıkke, shaqqanlıqqa úyretedı oyında oqıwshılar eki toparǵa bólinedi. 30 metr aralıqtı eki taxıya menen belgilew kerek. Hár eki topardan eki bala usı aralıqqa juwırıp barıp keliwi hám oyınnıń orınlanıwı-taxıya basınan túspewi kerek. Oyın topardaǵı balalardıń hámmesi basına taxıya kiygizilgenge shekem dawam etedi. Qaysı topar shártti tez orınlasa, sol jeńimpaz esaplanadı.

**2. Kúshti rawajlandırıwshı oyınlar.** Bunda muǵallım kereklı bulshıq et toparlarınıń rawajlanıwına unamlı tásir kórsetetuǵın oyınlardı tańlaw kerek. Kúshti rawajlandıriwshı oyınlarda oqıwshılar óz dene awırlıǵın, sırtqı awırlıqtı yáki qarsılas awırlıǵın (qarsılıǵın) **jeńedı**. Kúshti rawajlandırıwshı oyınlarǵa tómendegi oyınlar usınıs etiledi: "Qoraz-qoraz" oyını, "Ilaq", "Attan awdarıw", "Aqsaq qasqir hám qoylar", "Shuwirǵa túsir" siyaqlılar.

"Qoraz-qoraz" oyınında balalar sanı qansha kóp bolsa, sonsha jaqsı, oyın sonshelli qızıqlı bolıp ótedi. Bul oyında tiykarınan, er balalar qatnasadı. Balalar eki toparǵa bólinip oynaydı. Eki topardan topar sárdárları saylanadı. Muǵallim klass oqıwshıların eki toparǵa bóledi. Olar bir-birine júzbe-júz qarap turadı. Olar qolların arqaǵa tutip bir ayaqlap sekirip, iyinleri menen iyterip baslaydi. Bunda hesh bir bala ayaqların aldıǵa yaki arqaǵa qoyıwǵa bolmaydı qolların da jiberip qoyiwǵa bolmaydı. Oyinniń tiykarǵı maqseti, oqıwshılardın kúshin sınaw, shıdamlılıqtı asırıwdan ibarat.

Bul oyınnıń jáne de bir basqasha kórinisi bar. Bunda eki ul bala qatnasadı. Jerge eki metr diyametrde sheńber sızılıp, eki oqıwshı sheńber ishine kiredi oqıwshılar sheńberde bir ayaqlap turıp qolların arqasına jiberip bir-birin iyinleri menen iyterip shıǵarıwı tiyis. Qaysı oqıwshınıń kóterilip turǵan ayaǵı jerge tiyse yaki, qaysı oqıwshı sheńberden birinshi shıǵıp ketse sol oqıwshı jeńilgen esaplanadı.

Tezlık hám kúshti rawajlandırıwshı oyınlar belgilı bir wazıypanı sheshıwde úlken járdem beredı.

**3. Shaqqanlıqqa tárbiyalawshı oyınlar.** Anıq háreket qılıw zárur bolǵan, orınlanıw qolaylılıǵı ózgeriwsheń milliy oyınlarda shaqqanlıq jaqsı rawajlanǵan bolıwı kerek. Usıǵan tıykarlanǵan xalda shaqqanlıqtı tárbiyalaw ushın"Gezekli adımlar", "janlandırmaq", "urdı-qashtı", "Ala tawıq", "Kim shaqqan" sıyaglı oqınlardı usınıs ettik. Mısal ushın **"Gezekli adımlar"** oyının kórip ótiwge boladı. Oyındı bárshe klass oqıwshıları eki toparǵa bólinip ótiwi múmkin. Oyınnıń qaǵıydası: balalar uzınına qatarlasıp turadı, sızıq ústinde adımların gezeklesip (izbe-iz) qoyip shıǵadı. Oyındı úsh túrde paydalanıw múmkin:

1. siziq ústinen qolların qaptal tárepke uzatqan halda.
2. qolların arqaǵa jibergen halda.
3. qolları mene basıniń arqasın uslaǵan halda.

Kim sol oyındı shaqqan hám qátesiz orınlasa, sol jeńimpaz bolıp esaplanadı. Sızıq ústinen júriw háreketinde teń salmaqlıqtı kim buzsa, qátelikke jol qoyǵan esaplanadı hám oyınan shǵarıladı. Oyın usı táxlette dawam etedi.

**4. Shıdamlılıqqa tárbiyalawshı oyınlar.** Kopshılık milliy xalıq oyınlarında júda tez orınlanatuǵın shınıǵıwlar sebeplı tezlık hám shıdamlılıq sıyaqlı fizikalıq sapalar tárbiyalanadı. Bunday oyınlarda fizikalıq júkleme (nagruzka) áste aqırın asırılıp barıladı. Mısal ushın, maydandı úlkeytiw, maydandı kishireytirmey turıp oyınshılardıń sanın kemeytiw; oyın inventarları sanın kóbeytiw (tayaqsha, romalsha, taxıya, shapan, top hám t.b) júgiriw aralıǵın uzaytıw; qarsılıqlar sanın asırıw; quramalı shınıǵıwlardı qollanıw hám olardıń sanın kóbeytiw hám t.b.

Kórsetilgen bul metodıkalıq usıllar tıǵızlıǵı menen qollanılǵanda maqsetke tezirek erisiledi. Atı atalǵan fizikalıq sapanı tárbiyalawshı oyınlarǵa "Aqsaq ǵarǵa", "lángi tebiw", "Padashı (shopan)" sıyaqlılardı mısal qılıp kórsetiw múmkin. Mısal usın, "Aqsaq ǵarǵa"-estafeta túrindegi háreketli oyın. Oyınshılardıń kólemi teń boladı, eki topar bir-birine júzbe-júz turip, sapqa turadı. Oyınshılardıń hár biri náwbet penen óziniń bir ayaǵınıń bawın (oramal yáki lenta) baltırınan satanına shekem baylaydı.

Hár eki topardıń oyınshıları "Tayarlan-orınla!" buyrıǵı beriliwi menen qarsı topardıń sızıǵına shekem bir ayaqlap sekirip baradı, onnan keyin bolsa ayaqlarındaǵı bawdı sheship alip, arqasına qaray juwıradı hám onı óz toparındaǵı gezektegi oyınshıǵa beredi. Oyın topardıń sońǵı qatnasıwshısı bawdı ákelip bergenge shekem dawam etedi. Bawdı birinshi bolıp toparlasına ákelip bergen topar jeńimpaz boladı.

**5. Iyiliwsheńlıkke tárbiyalaw.** 7-8 jaslı balalarda iyiliwsheńlikti tárbiyalaw maqsetinde ayırım bulshıq et toparı hám buwınlarına tásir kórsetiwshı oyınlar tańlap alınadı. Bul oyınlar tiykarınan, arnawlı sport buyımları járdeminde ótkiziledi. Awırlıqlar ornında shuǵıllanıwshılardıń ózleri de qatnasıwı múmkin.

Belsendı iyiliwsheńlik bulshıq etlerdıń kúshıne baylanıslı. Bulshıq etlerdıń sozılıwshańlıq qásiyeti bolsa oraylıq nerv sistemasınıń tásirinde ózgeredı. Sonıń ushın bul oyınlarǵa oqıwshılar qızıǵıwshılıq penen qatnasqanda iyiliwsheńlik joqarı boladı. Iyiliwsheńlikti talap qılatuǵın oyınlardan aldın tiyislı shınıǵıwlar orınlanıwı zárúr.

Iyiliwsheńlikti tárbiyalaw ushın "dıze astında oramal", "tayaqtı ortaǵa ılaqtırıw", "qarsılıqtan sekirip ótiw", "tas oyın" sıyaqlı oyınlar usınıs etiledi.

Juwmaqlap aytqanda baslawısh klasslarda balalarımızdıń dene tárbiyası sabaqlarında milliy oyınlarımiz arqalı háreket sapaların jaqsılasaq, ekinshi tárepten milliy qadiriyatlarımız jaslarǵa sińdirgen halda tálim tárbiya jumısların alıp barǵan bolamız.


**Adebiyatlar**

1. Ózbekistan Respublikası "Dene tárbiyası hám sport haqqında" ǵı Nızamı (1992 jıl 14 yanvar) "Xalıq sózi" gazetası, 1992, 19 fevral.
2. Shılmanov P. "Milliy balalar oyınları". -N.: "Qaraqalpaqstan", 1996, 3-b.
3. Усмонхожаев Т.С., Арзуманов С.Г., Сергеев Г.М., Москалёва Т.В. и др. Физическое воспитание в школе .-Toshkent: "Medicina", 1987.
4. Устиненко В.И Игра этническая деятельность. Автореф. дисс...канд. пед. наук. –М.: 1969. –С. 24.



**REZYUME**

Maqolada boshlangich sinf o`quvchilarida milliy yayinlardan foydalanish orqali ularning jismoniy rivojlanishi yo`llari haqida so`z boradi. Shu bilan birga dars jarayonida o`quvchilarga qanday milliy o`yinlarni tavsiya qilish mumkinligi bayon etiladi. Maqolada bolalarning jismoniy sifatlarini oshiruvchi milliy o`yinlar ko`rsatilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается развитие физических качеств учеников при использовании национальных игр в начальных классах, а также ответы на вопросы какие национальные игры можно представить в учебном процессе. В статье показаны подвижные игры соответствующие физическим качествам учеников.

**SUMMARY**

The article deals with the issues of development of physical qualities of pupils in using national games in primary classes and what national games may be included in the educational process. The author of the article presents some moving games corresponding to pupils'physical gualities.